

# GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION

## Introduction

I Yohanes 5:13 “Dina ieu surat simkuring rek nerangkeun, yen eta hirup langgeng teh ku dulur-dulur geus beunang, lantaran dulur-dulur percaya ka Putra Allah.

## I Urang sadaya atos ngalakukeun dosa.

I Yahya 1:8 Upama urang ngakukeun teu boga dosa, eta teh tetela ngabobodo maneh tur beda jeung kanyataan.

Rum 3:10 Cek Kitab: ‘Euweuh nu bener saurang oge!

Rum 3:23 Lantaran kabehanana oge, geus nyieun dosa, jauh mengpar tina kamulyaan Allah.

Rum 5:12 Ku sabab dosa nu mateni teh asupna ka alam dunya ku pamolahna jelema saurang, temahna kabeh manusa kudu paeh; lantaran kabeh ge, geus karingkus ku dosa.



**Urang sadaya atos ngalakukeun dosa.**

## II Kamaotan abadi eta anu jadi milik urang kusabab dosa-dosa urang.

Rum 6:23 Sabab upahna dosa teh, Maot; sabalikna, berkahna sih kurnia mah, hirup langgeng jeung Isa Al Masih, Gusti Jungjunan urang.

Wahyu 21:8 Sabalikna, anu lemah imanna, anu henteu satia, anu masiat, nu maehan, anu rucah, tukang sihir, nu nyembah ka brahala, jeung tukang bohong ganjaranana teh, nya eta lautan seuneu walirang; tah eta, Paeh kadua teh.”

### **III Yesus pupus di kai salib, nyandak hukuman anu saleresna pantes jang urang– Kamaotan.**

Rum 5:8 Ari Allah mah, ti alam urang hirup dina kadorakaan keneh oge geus ngabuktikeun asih-Na, nya eta nepi ka Al Masih kudu pupus pikeun urang.

Rum 14:9 Nya kitu oge pangna Al Masih pupus sarta hirup deui teh, supaya jumeneng Gusti Jungjunan: Boh keur nu geus paraeh; boh keur nu harirup keneh.

Yohanes 3:16 Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra Tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa tapi meunang hirup langgeng.

Rum 6:23 Sabab upahna dosa teh, Maot; sabalikna, berkahna sih kurnia mah, hirup langgeng jeung Isa Al Masih, Gusti Jungjunan urang.



**Christ died for sinners!**

### **IV Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran**

Carios Padamelan 4:12 Jalmi teh, saha bae ge, teu aya anu ngagaduhan kasalametan, iwal ti Anjeunna. Margi di sakolong langit teu aya deui jenengan anu dipaparinkeun ka manusa iwal ti eta-etana sarta ngan ku lantaran Jenengan eta, urang sadaya pitiasaeun salamet teh.”

Epesus 2:8-9 Aranjeun bisa salamet soteh, nya ku sabab iman. Eta teh, ngan ku lantaran sih kurnia-Na bae; lain beunang sorangan, tapi estu anugrah ti Allah! 9 Lain beunang ihtiar aranjeun sorangan! Ulah pisan aya anu boga angkeuhan kitu!

Titus 3:5 kersa nyalametkeun ka urang. Lain pedah urang hade laku; tapi eta mah, saestu ku karena sih piwelas-Na bae; Ari Mantenna nyalametkeun urang teh, nya eta ku jalan urang geus enya-nya narima baptisan anu ngalambangkeun yen urang teh geus ngajadi hiji jelema anu anyar dijuruken sarta narima hirup anu salawasna dianyarkeun ku Ruh Allah.

## **V Kasadia upami anjeun nempatkeun iman anjeun ka Yesus Kristus janten Jurusalamet anjeun.**

Rum 10:9,10, 13 Sabab upama biwir ngaku, yen Isa teh Gusti Jungjunan tur percaya dina hate, yen Anjeunna ku Allah geus digugahkeun ti nu maraot, tanwande urang ginanjar salamet. Kapan percaya teh ku hate, ngalantarankeun urang diangken bener. Ari ngaku teh ku biwir, anu ngalantarankeun urang disalametkeun. Sabab sing saha anu sumambat ka pajenengan Pangeran, tinangtu disalametkeun.



*Muhun emang gampang! Anjeun teu tiasa ngusahakeun kenging panghampura ti Allah. Anjeun teu tiasa mayar panghampura anjeun ti Allah.*

*Anjeun ngan tiasa narima hampura, ku iman, liwat asih kurnia sareng kabageuran Allah. Lamun anjeun hoyong narima Yesus janten Jurusalamet anjeun sareng narima panghampura ti Allah, ieu doa anu tiasa anjeun doakeun. Ngecapkeun doa ieu atawa doa-doa nu sanés moal nyalametkeun anjeun. Ngan saukur percanten ka Yesus Kristus anu tiasa méré panghampura kana dosa-dosa. Doa ieu ngan saukur hiji cara kanggo ngungkapkeun ka Allah iman anjeun ka Mantenna sareng ngecapkeun panuhun ka Gusti kusabab atos nyayagikeun kasalametan kanggo anjeun.*

**"Allah,**

**Abdi terang yén Abdi gaduh dosa ka Anjeun jeung pantes kenging hukuman. Tatapi Yesus Kristus tos nanggung hukuman nu kedahna ditanggung ku abdi supados liwat iman ka Anjeunna abdi tiasa dihampura. Abdi percanten pikeun kasalametan dina jero Anjeun. Hatur nuhun kanggo asih kurnia sareng panghampura Anjeun nu matak ta'jub! Amin!"**